

Mentans sou Sit la soti 27 jen a 1ye Jiyè

Opsyon sèvis lib anliy yo p ap **disponib tanporèman soti 27 jen a 1ye Jiyè.**

Tanpri planifye oswa fè pèman avan 26 Jen. Mèsi pou kowoperasyon ou epi w a ekskize nou pou tout enkonvenyan sa ka koze!

Chanjman yo ap vini sou kont ou an nan Jiyè 2024.

Nou ap prepare nou pou nou fè yon tranzisyon sou yon nouvo sistèm fakti pou kliyan yo pandan sezon ete sa a ki ap pote nouvo fonksyonalite nan kont yo. Tanpri n ap fè w konnen ke tout kliyan yo ap resevwa **yon nouvo nimewo kont epi y ap refè konsepsyon fakti a**, tout sa yo fè pati nan chanjman ki ap genyen sou sistèm lan.

Anplis de nouvo nimewo kont lan, ou kapab espere mizajou opsyon sèvi lib yo, tradiksyon nan lòt lang, enskripsyon nan pwogram ki pi fasil ak plis ankò.

N ap fè w konnen ke si aktyèlman ou peye fakti CenterPoint Energy ou a dirèkteman nan bank oswa nan sèvis pèman fakti lòt enstitisyon finansye, **ou ap bezwen mete nimewo kont ou an ajou nan dat oswa apre dat 2 Jiyè 2024 la**, pou pèman ou yo kapab aplike sou kont ou an.

Dekouvri nouvo kont ou an ak nouvo eksperyans sèvis ou a.

Men tout sa ou dwe konnen:

- Ou ap resevwa yon nouvo kont an Jiyè.
- Ou ka bezwen mete enfòmasyon pèman ou yo ajou an Jiyè. Konsilte kesyon yo poze pi souvan yo (FAQs) ki anba yo pou plis enfòmasyon.
- Fakti ou a ap genyen yon nouvo aparans ak you nouvo fòma an Jiyè.
- Si ou genyen yon kont anliy, ou ap bezwen reyinisyalize modpas kont ou an aprè 2 Jiyè. Ou kapab fè sa lè ou monte sou kont anliy ou an kòm dabitib epi yo ap redirije w.

An Jiyè, Ki kote mwen kap jwenn nouvo nimewo kont mwen an?

- **Sou fakti CenterPoint ou an:** ki sitiye li nan kwen anlè a dwat la.
- **Sou kont anliy ou an:** Anliy sou [CenterPointEnergy.com/MyAccount](https://www.CenterPointEnergy.com/MyAccount) sou kote goch tablo bò ou a.
- **Lè ou kontakte Sèvis Kliyantèl la:** Ou kapab rele Sèvis Kliyan CenterPoint lan nan 1-800-227-1376 epi chwazi “Get my new account number” opsyon sèvis lib oswa ou kapab pale avèk yon ajan. ou ap gen bezwen ansyen nimewo kont ou an.

Kesyon yo poze pi souvan yo.

Kisa mwen kapab espere de nouvo sistèm *My Account* lan?

Men nouvo opsyon sèvis lib ou kapab espere avèk nouvo sistèm kont anliy ki rele, **My Account** lan:

- Enskri nan notifikasyon rapèl pèman, pou ou fè sa jis endike jiska senk imèl oswa nimewo telefòn pou yo notifie w atravè mesaj ke lè pèman w lan rive.
- Deklare yon pèman ou fè nan yon biwo pèman ki otorize.
- Mande yon aranjman pèman oswa yon ekstansyon.
- Gade estati yon randevou pou sèvis.
- Gade ansyen fakti ak sa ki ladan yo (12 mwa presedan yo).

Poukisa mwen resevwa yon nouvo fakti?

Nan kad chajman sistèm nan, tout kliyan yo ap resevwa nouvo fakti yo. Nouvo konsepsyon an ap genyen ladann enfòmasyon anplis konsènan enèji ki itilize, epi tou:

- Yon fonksyon “Itilizasyon nan yon bat je”.
- Plis detay sou aktivite kont lan pandan yon peryòd.

Èske mwen ap toujou peye fakti nan yon sit pèman ki otorize?

Wi. Apati 2 Jiyè, ou ap gen pou ou founi sit pèman otorize avèk **NOUVO nimewo kont** ou an pou ou peye fakti ou yo. Sit pèman an pa p kapab pwosede a pèman ou an lè w itilize yon souch ki genyen ansyen nimewo kont ou an.

Imedyatman chanjman yo fini, rele Sèvis Kliyan CenterPoint lan nan 800-227-1376 epi chwazi “Get my new account number” opsyon sèvis lib. ou ap gen bezwen ansyen nimewo kont ou an. Ou **pa** bezwen pale avèk yon ajan sèvis kliyantèl an dirèk.

Èske mwen dwe fè yon bagay si mwen enskri nan Pèman Otomatik sou kont anliy mwen an?

Non. si ou enskri nan pèman otomatik (AutoPay) sou kont Enèji CenterPoint anliy ou an, ou pa bezwen poze okenn aksyon anplis. Enskripsyon AutoPay ou a ap travèse otomatikman sou nouvo sistèm nan.

Èske mwen dwe mete nimewo kont mwen an ajou nan enstitisyon finansye mwen an?

Wi. Si ou genyen aranjman pèman fakti otomatik nan enstitisyon finansye ou a (bank oswa koperativi, olye de kont anliy ou an ki refere antanke My Account), ou ap genyen pou siyale enstitisyon finansye ou a sou nouvo nimewo kont Enèji CenterPoint pou asire w pèman otomatik ou a efekte.

Mwen resevwa asistans pèman; kòman chanjman sa yo ap afekte mwen?

Si ou se yon kliyan Indiana ki resevwa asistans pèman sou **Pwogram Asistans Enèji Fwaye a Revni Fèb (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP)**, ansyen enfòmasyon sou kont Enèji CenterPoint ou an ap otomatikman ale sou nouvo nimewo kont ou an.

Si ou se yon kliyan Ohio ki resevwa asistans pèman sou **Plan Pèman Pousantaj Revni (Percentage of Income Payment Plan, PIPP)**, ansyen enfòmasyon sou kont Enèji CenterPoint ou an ap otomatikman ale sou nouvo nimewo kont ou an.

Si ou geneyn nenpòt prewokipasyon, tanpri kontakte asosye kominotè ou a pou plis enfòmasyon sou tranzisyon sila a.

Ki kote eBill ale?

eBill kounya rele, “**Paperless Billing.**” Si ou enskri aktyèlman nan eBill, ou ap toujou rete enskri, men yo ap pale de li konn nan antanke Fakti san Papye. Fakti san Papye ap genyen ladann:

- Opsyon pou ajoute jiska de imèl pou resevwa fakti yo ak notifikasyon pou pèman yo.
- Ou ka enskri nan notifikasyon rapèl pèman an, pou ou fè sa jis endike jiska senk imèl oswa nimewo telefòn pou yo notifiye w atravè mesaj ke lè pèman w lan rive.

Èske mwen ap toujou kapab itilize aplikasyon Vectren nan pou mwen fè pèman yo?

Non. Aplikasyon Vectren nan ap dezaktive epi li pa p kapab efekte pèman aprè 2 Jiyè 2024.

Èske pa p gen okenn chanjman sou fason mwen peye bòdwo papye a?

Si ou peye fakti Enèji CenterPoint ou an pa imèl, ou ka toujou soumèt fich pèman an avèk chèk ou a epi pèman ou an ap poste sou nouvo nimewo kont ou an.

Mwen genyen de kontè epi yon sèl fakti; kisa ki pase avèk chanjman sitèm sila a?

Si ou se yon kliyan ki genyen de kontè, ou abitye genyen tou de kontè ou yo parèt sou yon sèl fakti. Kòmanse nan dat 2 Jiyè, ou ap geneyn on nouvo nimewo kont pou chak kontè epi ou ap resevwa yon fakti endividyèl pou chak sèvis kontra kontè ou genyen. Ou p ap gen pou w peye okenn frè sèvis siplemantè.

Èske ap genyen chanjman sou fason mwen ap siyale pàn atravè Sèvis Alèt Elektrik la?

Avèk Sèvis Alèt Elektrik pwoyaktiv (Power Alert Service, PAS) la, ou pa p bezwen siyale pàn elektrik pa mesaj tèks ankò, epi teknoloji kontè entèlijans nou an ap siyale nou sou pàn lan epi alète w atravè apèl telefonik, mesaj oswa imèl. Ou kapap toujou siyale yon pàn lè ou vizite sit entènèt Enèji CenterPoint lan oswa rele nou epi siyale atravè sistèm IVR otomatize nou an san ou pa p genyen pou w tann pou w pale avèk yon ajan.

Mwen se yon kliyan Ohio Choice; Èske m ap bezwen mete founisè gaz mwen an ajou avèk nouvo nimewo kont mwen an?

Antanke yon kliyan Choice, ou pa bezwen enkyete w konsènan pataj nouvo nimewo kont ou nan avèk founisè gaz ou a ankò. CenterPoint Energy ap voye bay founisè ou a nouvo nimewo kont ou an pou mete dosye ou a ajou. Men yo ap ba w yon nimewo Idantifikasyon Sèvis Choice. Lè ou kontakte founisè ou a pou fè chanjman sou kont ou an, ou ap genyen pou w founi nouvo nimewo Idantifikasyon Sèvis ou a. Yo ap enprime nimewo Idantifikasyon sèvis ou a sou fakti ou a.

Èske genyen chanjman sou Bidjè Fakti a?

Si ou se yon kliyan Indiana, enskripsyon ou an nan Bidjè Fakti a pa p sibi okenn enpak.

Si ou se yon kliyan Ohio, Montan Bidjè Fakti ou a ap parèt sou fakti mwa Jiyè ou a olye de fakti mwa dawout ou a. Pwochen mizajou a kapab nan mwa Jiyè 2024.

Si ou anrejistre nan Bidjè Fakti nan dat oswa avan 26 Jen, ou pa p wè yon mizajou sou fakti ou a jouk mwa Jiyè 2025. Nenpòt moun ki anrejistre nan Bidjè Fakti nan dat oswa avan 27 Jen, ou pa p wè yon mizajou sou fakti ou a jouk mwa Janvyè 2025.